

*Piblikasyon sa a gen ladan enfòmasyon nan dat 20 jiyè 2020.*

## FAZ 4 nan Reouvèti NYC: Sa Travayè yo Dwe Konnen



**Manje nan espas ki femen ak Atizay ak amizman nan espas ki femen pa pral fè pati nan faz 4. Eta a ak Vil la pa't mete yon dat reouvèti pou manje nan espas ki femen epi atizay ak amizman nan espas ki femen yo. Vizite [nyc.gov/workers](https://nyc.gov/workers) pou nouvell ak enfòmasyon.**

Apati Lendi, 20 jiyè ane 2020 an, kòm yon pati nan Faz 4, biznis sa yo ka re-louvri nan Vil New York:

- Edikasyon siperyè\*
- Lekòl Pre-K rive Klas 12yèm Ane\*
- Atizay & Divètisman nan espas ouvè a ba Risk
- Pwofesyonèl espò konpetisyon ki pa gen okenn fanatik yo
- Pwodiksyon medya†

\*Lekòl yo ka re-louvri sèlman si Vil New York nan Faz 4 epi to enfeksyon jounalye a rete nan oswa pi ba pase 5 pousan lè li sèvi ak yon mwayèn de 14 jou. Gid Eta ([Edikasyon siperyè](#), [Lekòl Pre-K rive 12yèm Ane](#)) sou [forward.ny.gov](https://forward.ny.gov). Gid pou Vil la ([Lekòl Pre-K rive 12yèm Ane](#)) sou [nyc.gov/schools](https://nyc.gov/schools).

†Aktivite pou pwodiksyon cinematografik, mizikal, televize, ak pwodiksyon difizyon sou plato, sou plas, oswa sou nenpòt sit pwodiksyon oswa sou sit anrejistremant yo.

Edikasyon siperyè gen ladan:

- kolèj kominote ak jinyò yo
- inivèsite yo
- lekòl siperyè ak lekòl pwofesyonèl yo
- lekòl medikal yo
- lekòl teknik yo

Atizay & Divètisman nan yon espas ouvè a ba risk yo gen:

- pak animalye yo
- jaden botanik
- pak natirèl
- lakou sit istorik ak enstitisyon kiltirèl yo
- mize nan yon espas ki ouvè
- agrotouris nan yon espas ki ouvè
- demonstrasyon agrikòl ak ekspozisyon local yo
- lòt enstitisyon similè/ak aktivite yo

Si w ap travay nan yon biznis ki kouvri, li piblikasyon sa a pou aprann sou kek nan kondisyon jeneral ak endistriyel espesifik patwon ou dwe swiv. W'ap jwenn konsèy detaye nan [forward.ny.gov](https://forward.ny.gov). Ou ka rele tou **311** pou Liy Dirèk pou Pwoteksyon Travayè oswa **1-212-436-0381** ki gen kesyon sou relouvri règleman sante ak sekirite pou espas travay la, oswa pou rapòte yon patwon ki pa swiv reouvè kondisyon yo.

### Kondisyon Jeneral Tout Anplwayè yo Dwe Respekte nan Reouvèti Biznis yo

#### Kominikasyon ak Depistaj

- Afiche yon plan sekirite nan espas travay ou kote ou ka wè li.
- Fòm ou menm ak kolèg travay ou yo sou pwotokòl sekirite ak ijyèn.
- Fè yon depistaj sante anplwaye yo chak jou e, si ou kapab depiste lòt moun (kontraktè, fournisseurs, elèv lekòl siperye).  
Anplwayè ou a dwe voye anplwaye ki malad yo lakay yo oswa ki vin malad.
- Afiche siy pou anplwaye yo ak piblik la avèk enfòmasyon sou sekirite ak pwotokòl ijyèn.

<b>Ekipman pwoteksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Bay ou menm ak kòlèg travay ou yo bagay pou kouvri figi gratis epi bay ranplasman.</b></li> </ul> <p>Anplwayè ou a dwe fòme ou ak kòlèg travay ou yo sou fason pou itilize, netwaye, ak jete ekipman pwoteksyon an.</p> <p>Patwon ou dwe asire ke anplwaye yo kouvri figi yo lè y'ap kominike avèk kliyan yo ak vizitè yo ak lè 6 distans pye distans ak lòt moun lan pa posib.</p>
<b>Ijyèn, netwayaj, ak dezenfeksyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Bay ak kenbe estasyon ijyèn men pou pèsonèl la, ki gen ladan lave men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papyè, ansanm ak yon dezenfektan men ki gen alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou zòn kote lave men yo pa posib.</b></li> <li>• <b>Regilyèman netwaye ak dezenfekte espas komen ak sifas key o manyen anpil ak objè frekan yo omwen chak jou.</b></li> </ul> <p>Egzanp yo gen ladan manch pòt, balistrad, switch limyè, twalèt.</p> <p>Patwon ou dwe netwaye e dezenfekte espas ak sifas kliyan yo ak vizitè yo apre chak itilizasyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Limite pataje ekipman ak zouti yo epi netwaye ak dezenfekte ekipman ak zouti regilyèman apre chak itilizasyon.</b></li> </ul> <p>Si li pa posib pou limite pataj oswa pou netwaye ekipman akòz potansyèl domaj pou ekipman, patwon ou dwe mande pou anplwaye yo mete gan.</p>
<b>Distans fizik</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• <b>Asire 6 pye distans ant moun le sa posib.</b></li> <li>• <b>Mande pou kliyan ak vizitè yo kouvri figi yo, depi yo gen plis pase 2 lane epi medikalman kapab tolere mask kouvri figi yo.</b></li> <li>• <b>Poste siyalizasyon pou mete restriksyon sou lokatè nan ti zòn tankou twalèt ak sal repo yo.</b></li> <li>• <b>Fèmen tout zòn komen ki pa esansyèl, ki gen ladan sal datant.</b></li> </ul>

## Kondisyon pou ATIZAY & DIVÈTISMAN NAN ESPÁS OUVÈ A BA RISK

Anplwayè ou a dwe:

- Limite lokatè a 33% nan kapasite maksimòm nan yon zòn. *Kapasite maksimòm gen ladan travayè yo, kliyan, ak vizitè yo.*
- Ankouraje kliyan ak vizitè yo ranpli egzamen sante.
- Entèdi antre sof si kliyan ak vizitè yo mete yon mask ki kouvri figi yo. Gade distans fizik nan seksyon Kondisyon Jeneral pou sèlman eksepsyon yo.
- Asire w ke anplwaye yo kouvri figi yo lè yo kominike avèk kliyan ak vizitè e ke kliyan ak vizitè metemask pou kouvri figi yo lè yo gen mwens pase 6 pye distans ak lòt moun yo.
- Asire w ke kliyan ak vizitè nan diferan pati kenbe 6 pye distans youn ak lòt. *Lè distans fizik la pa posib—pa egzanp, nan yon kes pou enskri lajan kach—tout moun dwe mete yon mask ki kouvri figi yo.*
- Limite kapasite andedan an pou akomode distans fizik ant kliyan ak vizitè ki ka bezwen antre oswa sòti nan espas fèmen an pou aksè nan espas deyò, twalèt, ak lòt zòn yo.
- Kontwole kantite trafik patwon ak vizitè yo. Pou ekspozisyon nan yon ti zòn, patwon ou dwe kalkile kapasite maksimòm pou akomode distans fizik ak ranfòse kapasite maksimòm lan. *Patwon ou kapab bezwen mete plis anplwaye nan zòn sa yo Pou ranfòse gwose maksimòm gwoup la.*
- Limite vizit manm menm gwoup la, epi asire w ke total gwoup la pi piti pase kapasite maksimòm ki gen ladan tou travayè yo ak lòt kliyan ak vizitè yo.
- Fèmen ekspozisyon entèaktif ki gen anpil risk yo.
- Limite kapasite andedan an pou akomode distans fizik ant kliyan ak vizitè ki ka bezwen antre oswa sòti nan espas fèmen an pou aksè nan espas deyò, twalèt, ak lòt zòn yo.
- Mete dezenfektan pou men nan zòn komen yo—pa egzanp, ekspozisyon.
- Deplase zòn piknik pou kenbe 6 pye distans ant pati yo oswa fèmen yo si ou pa kapab deplase yo.

- Sispann sèvi ak kask ak lòt ekipman ke kliyan ak vizitè yo te prete. Si ou pa ka bay kat pou yon sèl-itilizasyon, asire w ke ou netwaye ak dezenfekte kat yo apre chak itilizasyon.

## Kondisyon pou PWODIKSYON MEDYA

Anplwayè ou a dwe:

- Limite lokatè andedan an 50% nan kapasite maksimòm nan yon zòn. *Kapasite maksimòm gen ladan anplwaye, akte, ak ekip la.*
- Asire w ke anplwaye yo, akte, ak ekip la kenbe 6 pye distans nan tout kote yo ye. Lè 6 pye distans la pa posib, patwon ou an dwe asire ke tout moun mete yon mask ki kouvri figi yo, depi yo gen plis pase 2 ak medikalman kapab tolere kouvri figi a.
- Asire w ke anplwaye yo, akte, ak ekip la ki dwe nan kontak sere avèk lòt moun fè tès pou COVID-19 yo anvan yo vini travay anko ak omwen yon fwa pou chak semèn lè yo pral sou-plas oswa yon kote.
- Etabli pwotokòl pou redwi risk pou fonksyon debaz ki egzije pou genyen kontak epi retire mask; pou egzanp, cheve, makijaj, pandri, repetition, pèfòmans, tounaj fim. Pèfòmè a ka retire mask pou figi yo pou aktivite sa yo, men li dwe ranplase mask devan aktivite sa yo.
- Asire w ke nenpòt moun ki gen yon fonksyon esansyèl ki egzije pou kontakte sere ak retire mask mete yon plak pwotèj pou figi yo ak pwoteksyon je tankou yon plak pwotèj figi oswa linèt sekirite lè y'ap travay ak atis. Sa gen ladan atis makijaj, teknisyen son, koòdonatè kaskad.
- Limit mendèv pou anplwaye esansyèl, akte, ak ekip la sèlman epi entèdi pèsonèl ki pa esansyèl tankou zanmi oswa vizitè. Patwon ou ta dwe asire ke gen ase sekirite pou limite aksè a sèlman moun esansyèl.
- Mete sekirite sit pwodiksyon yo de piblik la an jeneral, asire espas adekwat pou distans fizik la, epi kenbe dezenfeksyon apwopriye ak estanda sanitè yo.
- Espas rezèv pou anplwaye yo, akte, ak ekip la ka obsève distans sosyal pandan y ap manje ak entèdi pataj manje ak bwason.
- Asire w ke tout moun mete yon mask ki kouvri figi yo si plis pase yon moun monte nan yon machin.
- Etabli zòn ki deziyen pou livrezon ak pickup pou limite anpil kontak moun ke posib.
- Entèdi odyans an direk sof si yo konsiste sèlman nan peye anplwaye, akte, ak ekip la. Patwon ou dwe limite odyans la pa plis pase 100 moun oswa 25% nan kapasite odyans, kèlkeswa sa ki pi ba, epi asire ke tout moun kenbe 6 pye distans nan tout direksyon yo.
- Regilyèman netwaye ak dezenfekte tout ekipman pwodiksyon media ak zouti lè ou sèvi avèk pwodwi yo ki te idantifye pa U.S. Environmental Protection Agency (EPA) kòm efikas kont COVID-19. Ekipman ak zouti ka gen ladan, kamera, okulèr, lantiy, monitè ak ekran tactile, dollies. Patwon ou an ta dwe netwaye ak dezenfekte tout akseswa, kostim, epi mete materyèl yo ant chak itilizasyon epi estoke yo nan resipyan ki sele ant itilizasyon yo.